

Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Shiko këtë dokument në shqip	عرض هذه الوثيقة باللغة العربية	এই নথিটি বাংলা ভাষায় দেখুন
查看本文件的简体中文版本	查看本文件的繁體中文版本	Consultez ce document en français
이 문서를 한국어로 보십시오	Документ на русском языке	Gade dokiman sa a an Kreyòl ayisyen
Переглянути цей документ українською мовою	اس دستاویز کو اردو میں ملاحظہ کریں	Consulte este documento en español
		Ushbu hujjatni ichida ko'ring O'zbek

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Mas 2026

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou pwogram Summer Rising 2026, òf lekòl segondè pou otòn 2026, Konferans pwofesè-paran (Parent-Teacher Conferences, PTC), Semèn sivik ak sondaj 2026 Lekòl Vil Nouyòk.

Kontni

- [Summer Rising 2026](#)
- [Òf lekòl segondè pou otòn 2026](#)
- [Konferans pwofesè-paran](#)
- [Semèn sivik](#)
- [Sondaj 2026 Lekòl NYC](#)

Summer Rising 2026

NYCPS ap fè patenarya avèk Depatman jèn ak devlopman kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) pou ofri pwogram Summer Rising an 2026 Pwogram Summer Rising konekte elèv lekòl primè avèk eksperyans amizan, pratik pou ranfòse konpetans akademik, sosyal ak emosyonèl yo. Pwogram Summer Rising fèt **gratis** epi li ouvri pou nenpòt elèv Vil Nouyòk ki kounye a nan klas kindergarten jiska 8yèm ane. Yo gen pou mete plis enfòmasyon sou pwogram ak lè yo nan schools.nyc.gov/SummerRising lè aplikasyon an ouvri 3 mas.

Summer Rising ap genyen aktivite akademik NYCPS ap dirije ak aktivite ranfòsman òganizasyon kominotè (Community Based Organizations, CBO) DYCD ap dirije. Yo bay manje maten ak manje midi gratis. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/summerschool.

Aplikasyon Summer Rising MySchools

Peryòd aplikasyon an kòmanse **3 mas pou fini 27 mas 2026**. Pou aplike, konekte nan kont MySchools.nyc si ou deja gen youn, oswa kreye youn avèk adrès imèl ou, nimewo ID elèv pitit ou a ki gen 9 chif la ak kòd kreyasyon kont MySchools li a, ou ka jwenn lè w kontakte lekòl pitit ou a. Si ou te deja itilize MySchools pou aplike pou pwogram ete oswa pwogram ane lekòl, yo gen dwa te deja ajoute pitit ou a nan kont ou a. Remake byen MySchools se youn kont separe avèk kont NYCSA ou a.

Pa gen limit sou kantite pwogram fanmi ka ajoute nan aplikasyon yo. Mete plis pwogram ogmante chans ou pou jwenn yon plas nan yon pwogram ou renmen.

Pou pwosesis sa a, se **pa** moun ki vini avan y ap pran avan; tout aplikasyon nou resevwa nan delè yo bay la ap resevwa menm tretman an dapre priyorite pou admisyon. Ou ka fè chanjman nan aplikasyon w lan nan nenpòt pwen pandan peryòd aplikasyon an. Pou plis kesyon, ale sou schools.nyc.gov/SummerRising oswa kontakte lekòl ou a.

Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504

Elèv k ap patisipe nan klas espesyal 12 mwa/ane lekòl pwolonje (Extended School Year, ESY) Nest, oswa pwogram Horizon pral resevwa sèvis yo rekòmande nan IEP yo nan yon lokal ESY, Distri 75 (D75), Nest oswa pwogram Horizon Summer.

Fanmi ki vle patisipe nan yon pwogram IEP 12 mwa (ladan ESY, D75, Nest ak Horizon) ak nan pwogram ranfòsman jounen pwolonje CBO atravè Summer Rising, dwe aplike avèk MySchools. Y ap mete eksplikasyon espesifik nan MySchools.

Si pitit ou a ap patisipe sèlman nan pwogram Nest oswa Horizon (jiska 12:00 p.m.), pwogram D75 (jiska 2:30 p.m.), oswa pwogram ESY (jiska 2:00 p.m.), epi ou pa pwolonje joune an pou ranfòsman pou pitit ou a, ou ta dwe kontakte lekòl pitit ou a olye ou itilize aplikasyon MySchools la.

Òf lekòl segondè pou otòn 2026

Si pitit ou a te aplike nan lekòl segondè pou otòn 2026 nan delè 3 desanm 2025 lan, w ap resevwa òf lekòl segondè yo pou pita **5 mas 2026**. Konekte sou kont [MySchools](https://myschools.nyc.gov) ou a pou wè òf la ak nenpòt plasman sou lisdatant (si sa aplikab), ansanm avèk enfòmasyon sou pwochen etap yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf, ale sou schools.nyc.gov/HS.

Konferans pwofesè-paran

Konferans pwofesè-paran (PTC) **an mas la** se yon gwo opòtinite pou pale sou pwogrè piti ou a epi fason pou ba li sipò lakay avèk pwofesè yo. Ane sa a PTC ap fèt adistans, men opsyon pou konferans fèt anpèsòn ka disponib. Ap gen sèvis tradiskyon ak entèpretasyon disponib tou si w mande. Dat pou konferans pwofesè-paran ka varye selon lekòl la; pwofesè pitit ou a ka ede w pwograme PTC ou a. Ale sou schools.nyc.gov/ptc pou plis asistans.

- **Jedi 5 mas:** Konferans nan apremidi ak nan aswè pou lekòl primè ak sant Pre-K
- **Jedi 12 mas:** Konferans nan apremidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
- **Mèkredi 18 mas:** Konferans PTC nan aswè pou elèv lekòl segondè, K-12, ak lekòl 6yèm-12yèm ane
- **Jedi 19 mas:** Konferans paran-pwofesè nan apremidi pou lekòl segondè, lekòl K-12, ak 6yèm-12yèm ane

Semèn sivik

Soti 9 rive 13 mas, vin patisipe avèk nou nan **Semèn sivik** avèk aktivite k ap selebre vwa jèn, ranfòsman sivik ak enskripsyon pou vote. Jwenn plis enfòmasyon ak tcheke seri tikomik *Civics for All comics* nou an nan schools.nyc.gov/CivicsForAll.

Sondaj 2026 Lekòl Vil Nouyòk

Ranpli **Sondaj anyèl Lekòl NYC** a nan delè **1ye avril 2026 la!** Fanmi ak elèv NYCPS ki nan klas 6yèm ane rive 12yèm ane ka bay opinyon sou eksperyans yo fè nan lekòl nou yo ki ka ede amelyore anviwònman aprantisaj, kourikoulòm, sèvis sipò ak plis ankò. Voye sondaj ou a ale jodia pa lapòs oswa sou entènèt nan youn nan 13 lang ki disponib nan [NYCSchoolSurvey.org](https://nycschoolsurvey.org) oswa konekte sou kont Lekòl Vil Nouyòk ou a (**NYCSA**) nan [SchoolsAccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc.gov).